



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PANDAN SEMÈN SOU KLIMA A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 50 MILYON DOLA EMPIRE BUILDING CHALLENGE POU KONBAT CHANJMAN KLIMATIK AK KREYE TRAVAY

Patenarya piblik-prive avèk kominote byen imobilye a pral devlope solisyon enèji pwòp ki replikab ak evolitif ak modènizasyon konplè efikasite enèji

Sipòte objektif enèji pwòp ak klimatik nasyonal Gouvènè Cuomo nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman Empire Building Challenge, yon inisyativ 50 milyon dola ki pwopoze pandan diskou Eta Leta 2020 li an pou transfòme bilding milti-familyal ak komèsyal ki wo yo epi redui anpil anprent kabòn estrikti sa yo. Defi a pral fè avanse apwòch renovasyon ki gen emisyon fèb an kabòn ki mennen nan solisyon chofaj ak refwadisman ki pral ogmante konfò, dirabilite, ak pèfòmans enèjetik bilding ki wo yo ki egziste nan eta a, yon gwo kontribiyan nan emisyon gaz a efè de sè. Bilding yo aktyèlman reprezante 45 pousan emisyon gaz a efè de sè apati konbisyon gaz ak jenerasyon elektrik. Anons sa a fè avanse pwogram nasyonal Gouvènè Cuomo nan zafè enèji pwòp ak klima ki egzije yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè de sè rive 2050, ki mete eta a sou chemen netralite kabòn nan tout ekonomi an.

"New York angaje pou redui emisyon gaz a efè de sè ak devlope resous enèji renouvlab ki pral devlope ekonomi nou ak fè avanse plan nasyonal nou pou konbat chanjman klimatik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Empire Building Challenge pwofite patenarya piblik-prive avèk ekspè premye plan endistri an ak ede New York kontinye eritaj rich jesyon anviwònmanal li pou pwoteje resous natirèl pou jenerasyon alavni yo."

Gras ak yon pwosesis renovasyon konplè, enfracstrikti nan bilding ki egziste yo pral ranplase avèk plis teknoloji ak solisyon chofaj ak refwadisman ki ekonomik pou enèji, estimile nouvo travay ak gwo aktivite ekonomik. Dapre yon analiz Urban Green Council te reyalize nan ane 2019, si tout bilding chwazi efikasite pou satisfè objektif kabòn yo, opòtinite mache renovasyon an nan Vil New York ka depase 20 milya dola rive 2030 pandan sa ap kreye 100,000 travay rive 2030. Plis efikasite enèji ka atenn atravè izòlman fenèt, pòt ak mi, aparèy ki ekonomize enèji, ranplasman konduit, fou ak chodyè ki pa efikas, ak enkòporasyon teknoloji sou enèji pwòp, tankou ponp chalè.

Empire Building Challenge chèche atire pi bon fabrikan, founisè solisyon, ak antreprenè nan tout monn lan pou ede konstwi ekonomi vèt la nan Eta New York ak bay

demonstrasyon reyisi ki fèb an kabòn ki etabli estanda pou pwochen deseni investisman byen imobilye nan efikasite enèji, dirabilite ak anviwònman nan espas fèmen ki sen.

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Empire Building Challenge jete baz pou kominote byen imobilye a, devlopè ak founisè solisyon pou travay ansanm nan fè New York tounen yon sant pou renovasyon reyisi bilding yo pandan sa ap akselere eta nou an nan sans anbisye direksyon nou ou pou yon pak imobilye ki totalman net an kabòn. Efò kolaboratif sa a se yon gwo pa an avan nan abòde defi rediksyon gaz a emisyon efè de sè yo nan bilding ki wo yo epi pral bay nouvo apwòch ke endistri bilding global la kapab adopte ak devlope alavni".

Empire Building Challenge pral chèche angajman kote pwopriyetè bilding yo pou netralite kabòn epi pral mete disponib jiska 50 milyon dola atravè twa faz deplwaman ansanm ak yon pri teknoloji.

Premye faz ak dezyèm faz la pral ofri 27 milyon dola pou sa yo:

- Pwopriyetè bilding yo ak lokatè gwo biwo komèsyal yo pral soumèt yon demann kalifikasyon pou fè patenarya avèk NYSERDA nan Empire Building Challenge pou deziyen kòm yon evantyèl Patnè Empire Building.
 - Pwopriyetè bilding multi-familyal abòdab yo pral kalifye pou pwen notasyon adisyonèl pandan pwosesis seleksyon an.
 - Nou dwe voye aplikasyon yo anvan 22 oktòb 2020 kote seleksyon yo ta dwe anonse nan fen 2020
 - Sèlman pwopriyetè ak lokatè yo ki angaje pou konstwi youn oswa plizyè bilding ki net an kabòn ki pral kalifye pou finansman.
- Patnè ki seleksyone atravè pwosesis anwo a pral kalifye pou travay avèk founisè solisyon yo ak soumèt yon pwopozisyon ki gen ladan yon solisyon renovasyon ki gen fèb emisyon kabòn ki replikab pou abòde youn oswa plizyè gwo defi pou dekarbonize bilding ki wo yo.
 - Nan kad pwosesis seleksyon konpetitif la, pwopozisyon yo pral evalye sou baz yon pwojè pou evolye ak reyalize li pou abòde gwo defi dekarbonizasyon bilding ki wo yo.
 - Pwopozisyon yo pral evalye sou baz volonte ak kapasite pwopriyetè bilding lan pou aplike solisyon yo nan pòtfèy bilding yo.
 - Pwopozisyon gayan yo pral kalifye pou jiska 5 milyon dola chak pou sipòte devlopman ak aplikasyon pwojè a.
- Fon ki ta ka rete nan premye faz la pral itilize pou yon dezyèm faz idantifikasyon patnè ak pwojè pou sipòte objektif pwogram lan.

Twazyèm faz la pral ofri 10 milyon dola kote moun ki fè pwopozisyon yo pral kalifye pou jiska 1 milyon dola chak nan estimilasyon sou pataj depans pou replike solisyon ak modèl ki demontre nan faz 1 ak 2 ak evolye apwòch la pou abòde bezwen yon seri bilding rive 2025.

Empire Building Challenge se yon kalite inisyativ san parèy epi ta dwe lakòz gwo aprantisaj. Konsa, nouvo solisyon yo pral evalye sou teren, rezilta yo pral pataje globalman, epi etid de ka yo pral pwodui. Anplis de sa, efò a pral devlope zouti, apwòch ak liv jwèt ke lòt pwopriyetè bilding ka itilize pandan n ap chèche dekarbonize plis ak plis bilding nan Eta New York.

Paralèlman ak twa premye faz sa yo, NYSERDA pral lanse tou yon Pri Empire Technology 10 milyon dola pou akselere devlopman solisyon ki fèb an kabòn atravè yon konpetisyon inovasyon sible. Bezwen teknolojik yo pral defini atravè ekspè inovasyon nasyonal ki gen ladan patnè sektè prive ak ekspè inovasyon piblik ki nan premye plan. Pri teknolojik piblik-prive a pral mennen inovasyon ak devlope nouvo/pi bon solisyon fèb an kabòn pou abòde bezwen mache enpòtan sa a.

Bilding ki wo yo, espesyalman nan Vil New York, fè fas ak defi san parèy lè sa gen pou wè ak aplike mezi pou redui emisyon kabòn. Obstak pou pwogrè sa yo gen ladan deranjman lokatè, depans inisyativ ak gwo ak anplè bilding ki wo yo. Empire Building challenge pral abòde mank inovasyon enpòtan yo nan mache enèji pwòp la pou dekarbonize bilding ki wo yo ak bay yon plan pou estrateji ki reyisi yo ka adopte ak aplike nan plis bilding.

Anons jodi a se pi resan an nan yon seri aksyon Eta a te pran pou fè tranzisyon ekita nan netralite kabòn tout ekonomi an. Lè nou simonte obstak ak efikasite enèji yo nan bilding ki wo yo, ak priyorize patenarya avèk pwopriyetè lojman ki abòdab, Empire Building Challenge pral akselere New York nan sans objektif nasyonal Gouvènè Cuomo a pou redui emisyon kabòn yo nan 85 pousan rive 2050 ak bay yon fèy de wout enpòtan pou solisyon ki pral ede eta a atenn yon pak imobilye ki totalman net an kabòn jan sa kodifye nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA): Atravè NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo, Eta New York ap investi plis pase 6.8 milya dola pou dekarbonize bilding yo nan Eta a.

Empire Building Challenge pral ede pwofite investisman prive nan inovasyon ak deplwaman teknoloji fèb an kabòn, ki mete New York kòm pyonye nan tranzisyon pou gen pak imobilye ki net an kabòn. Pou jwenn detay anplis sou opòtinite finansman sa a, oswa pou ou aplike, tanpri ale sou <http://nyserda.ny.gov/EBC>.

Plan Klima Nasyonal Eta New York la

Pwogram klima nasyonal Gouvènè Cuomo a se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon

Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektisite zewo-emisyon disi 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab disi 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan echèl ekonomi an. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan investisman 3.9 milya dola nan 67 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò 2035, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York pral bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 TBtus.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)